

# Enstriksyon Finansman pou Pwochen Etap

Sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap la fèt pou ede atis yo reyalize yon pwojè ki santre sou objektif devlopman atistik endividyèl ak/oswa pwofesyonèl yo genyen nan yon disiplin atistik. Pwojè yo ta dwe prezante estrateji ki pral ede atis la elimine baryè pou siksè yo, pouswiv siksè sou karyè atistik li yo ak/oswa ede yo pwofite yon opòtinite.

Finansman Pwochen Etap yo vin posib grasa sipò Fondasyon McKnight epi li bay sibvansyon pou pwojè jiska \$5,000 pou atis ki nan nenpòt disiplin atistik. Kandida yo ka nan nenpòt etap nan karyè yo, men yo dwe kapab bay echantiyon travay nan pwòp travay atistik yo. Atis endepandan yo dwe gen yon adrès prensipal nan konte Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott oswa Washington.

## Kontak

Pou Kesyon sou **pwosesis sibvansyon an jeneral** ak **asistans teknik** ak entèfas pou sibvansyon an (tankou pwoblèm pou konekte), tanpri kontakte nou nan [mrac@mrac.org](mailto:mrac@mrac.org) oswa 651-645-0402.

Pou kesyon ak asistans konsènan kalifikasyon ak/oswa preparasyon yon demann: Tanpri kontakte Jovan Rebolgar ([jovan@mrac.org](mailto:jovan@mrac.org) oswa 651-523-6381).

Oswa, vizite paj pwogram Finansman Pwochen Etap la epi ranpli [demann aplikasyon an fòm demann reyinyon an](#) pou w pwograme yon lè pou w rankontre yon manm nan pèsònèl la ki ka ede w. Fòm pou asistans la ap disponib apati 15 Novanm 2022.

Tanpri fè tout sa w kapab pou w li tout enstriksyon sa yo anvan w poze kesyon.

Sa ki nan Dokiman sa a

<a href="#">Dat ki Enpòtan yo</a>	2
<a href="#">Prepare pou Aplike</a>	3
<a href="#">Kalifikasyon Endividyèl</a>	4
<a href="#">Moun ki pa Kalifye</a>	5
<a href="#">Pwojè ki Kalifye</a>	5
<a href="#">Deja Genyen yon Lòt Sibvansyon MRAC? Oswa yo Soumèt/Pral Soumèt Yon Demann nan yon Lòt Pwogram?</a>	7
<a href="#">Konsèy pou Demann Pwopozisyon yo</a>	9
<a href="#">Pwopozisyon Tèks</a>	8
<a href="#">Echantiyon travay</a>	10
<a href="#">Bidjè Pwopozisyon yo</a>	11
<a href="#">Echantiyon Bidjè</a>	12
<a href="#">Pwojè / Enfòmasyon sou Pwogram nan</a>	14
<a href="#">Enfòmasyon Endividyèl ak Done</a>	15
<a href="#">Lòt enfòmasyon</a>	17

## Dat Enpòtan yo

### Dat limit, 9 Janvyè 2023

- Jiyè 2022: Enstriksyon yo disponib sou sit entènèt la nan [Finansman pou Pwochen Etap yo](#) (<https://mrac.org/grants/next-step-fund>).
- Novanm 14, 2022: Demann nan disponib nan entèfas sibvansyon an, pwojè sou pwopozisyon yo apwouve.
- Novanm 14, 2022: Sèminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon.
- Novanm 15, 2022: [fòm demann pou reyinyon demann kandidati a](#) disponib pou jwenn asistans nan men direktè pwogram yo.
- 23 Desanm 2022 - 2 Janvyè 2023: MRAC fèmen
- **Janvyè 9, 2023 a 11:59 PM, se dat limit la.** Yo dwe ap resewva demann yo nan moman sa a. MRAC pa aksepte demann ki an reta yo. Asistans anplwaye yo ap fini a 5è pm nan jou dat limit la.
- Apati Janvyè 10, 2023: Anplwaye MRAC yo ap egzamine kalifikasyon moun nan ak pwojè a.

- Mas - Me 2023: Komite egzamen an pran plas. Demann atis endepandan ki kalifye yo pral korije epi yo pral klase yo.
- Jen 2023: Anplwaye MRAC fè rekòmandasyon pou finansman yo selon nòt komite a bay yo.
- Jen 27, 2023: Konsèy Administrasyon yo egzamine rekòmandasyon finansman yo epi pran desizyon pou finansman.
- 28 Jen, 2023: Anplwaye yo voye notifikasyon sibvansyon nan imel bay kandida yo.
- Premye Dat pou Kòmanse Pwopozisyon ki kalifye a se 28 jen, 2023. Chak kandida ap detèmine dat y ap tèmine.
- Apre 28 Jen 2023: Benefisyè yo pral resevwa yon sèl montan global ki fèt sou non pèsònèl yo ki parèt sou fòm W9 la ansanm ak yon 1099 ki gen dat 2023. Prim sibvansyon an ka afekte taks pèsònèl ou yo.

## Prepare pou Aplike

MRAC vle gen garanti pwosesis demann nan aksesib epi li disponib pou ou, pou pèmèt ou pataje kiyès ou ye ak lide ou genyen sou pwojè a. Men kèk fason n ap eseye fè pwosesis la aksesib:

### Resous Anliy

Vizite paj [Resous pou Sibvansyon yo](http://mrac.org/grants/grant-resources) (mrac.org/grants/grant-resources) pou jwenn aksè nan domèn teknik sou itilizasyon entèfas sibvansyon an, lyen ki mennen sou sit pou jwenn enfòmasyon demografik yo ak yon glosè sou tèm yo.

Paj pwogram [Finansman pou Pwochen Etap la](#) genyen tou resous pou ede w aplike, tankou Gid Evalyasyon Komite a ki pral itilize pou egzamine demann ou a ak yon lis sou echantiyon demann ki te finance avèk siksè pandan sik ki pase yo

### Sèminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon

MRAC ap ofri seyans fòmasyon sou demann sibvansyon yo k ap pèmèt ou familiarize ak pwogram sibvansyon an epi diskite sou ide pwojè yo. Verifye paj pwogram [Finansman pou Pwochen Etap la](http://mrac.org/grants/next-step-fund/) (mrac.org/grants/next-step-fund/) pou jwenn dat yo ak lè yo. Yo afiche tou seyans fòmasyon ki anrejistre sou kont [YouTube MRAC](#) la ak sou paj entènèt Finansman pou Pwochen Etap la.

### Direktè Pwogram yo

Direktè pwogram yo disponib pou ede w avèk demann ou a. Pou pwograme yon videyo oswa yon reyinyon nan telefòn ak yon direktè pwogram, vizite paj prensipal pou pwogram sibvansyon an pou ranpli [fòm demann reyinyon demann aplikasyon an](#) pou nou ka fè swivi yo avè w. Ou kapab tou rele oswa voye yon imèl bay direktè

pwogram ki nan lis ribrik [Kontak](#) ki pi wo a, oswa sou paj pwogram sibvansyon an, epi nou pral pran enfòmasyon ou yo epi n ap fè swivi pou pwograme yon reyinyon. Gen twa kalite reyinyon ou ka mande:

- Verifye Kalifikasyon Pèsonèl/Lide sou Pwojè (nan kòmansman pwosesis la)
- Egzamine Kalifikasyon Demann nan (pou lè ou gen yon kopi pare pou nou egzamine kalifikasyon l)
- Verifikasyon Pwojè (depi ou fin resevwa yon sibvansyon epi ou vle diskite sou nenpòt chanjman nan pwojè a)

Tanpri sonje: Nou pral fè kèk premye seyans sou refleksyon/rafinman avèk ou sou lide yo, epi nou pral egzamine dokiman demann nan pou verifye si l byen ranpli ak kalifikasyon l. Nou p ap egzamine kontni ki pa gen rapò ak kalifikasyon an. Se nan lide pou bay konsèy jeneral anvan soumision an, evalyasyon final kalifikasyon an baze sou yon bann faktè epi sa fèt sèlman apre yo fin soumèt yon demann.

## Tradiksyon Lang

Enstriksyon sa yo ansanm ak Modèl Demann pou Finansman pou Pwochen Etap la tradui an Panyòl epi li disponib sou paj entènèt Finansman pou Pwochen Etap la. Yo kapab tradwi sitwèb MRAC la an Panyòl tou lè w klike sou bouton lang nan kwen anlè agoch la.

Mete sou sa, pòtay sibvansyon sou entènèt la bay Google Translate otorizasyon pou gen aksè ak demann nan nan yon pakèt lang. Avèk avi alavans, MRAC kapab anplwaye yon entèprèt ak/oswa tradiktè pou ede pandan tretman demann nan. Yon moun kapab aplike nan lang yo prefere a.

## Aksesibilite

MRAC mande pou tout kandida yo aplike sou entènèt sof si yon andikap anpeche yo fè sa.

MRAC ap travay pou bay garanti enstriksyon sou sibvansyon yo, prezantasyon atelye yo ak nenpòt lòt dokiman ki ekri yo te kreye sou baz prensip aksesibilite a nan lespri yo. Anplis de sa, nou kontan bay materyèl an Bray, Gwo Lèt an lèt detache, oswa lòt fòm ak yon avi alavans ki varye selon fòm a, apati yon semèn sou demann, men menm si delè avi a te pase, nou ka toujou kapab reponn ak demann nan.

Sou chak paj wèb sibvansyon gen yon lyen ki pèmèt ou gen aksè ak enstriksyon yo nan yon fòm tèks ki adapte ak lektè ekran yo ansanm ak chanjman nan dimansyon tèks yo. Konpayi ki fè lojisyèl pou demann sou entènèt MRAC itilize a, Foundant Technologies, ankouraje pou itilize [NVDA](https://www.nvaccess.org/about-nvda/) (https://www.nvaccess.org/about-nvda/), yon lojisyèl lektè ekran konpatib ak Windows ki disponib pou telechaje gratis.

Kandida ki andikape ki ta renmen sèvi ak lòt mwayen pou aplike yo ka travay avèk anplwaye MRAC yo pou adapte ak pwosesis òdinè nou yo pou gen garanti ou gen menm opòtinite pou w soumèt yon demann. Solisyon nou te deja devlope yo gen ladan ranpli yon fòm ki adapte nan Microsoft Word, epi bay repons vèbal MRAC pral pataje atravè anrejistremant odyo oswa transkripsyon.

Kontakte nou pi bonè posib pou kòmanse yon konvèsasyon sou fason pou ou gen asirans ou gen menm opòtinite pou aplike.

## Kalifikasyon Endividyèl

Yon moun kapab tout sa ki vin annapre yo:

- Idantifye kòm yon atis, k ap travay nan nenpòt disiplin, nan nenpòt etap nan karyè yo, ki gen prèv pwodiksyon atistik ki koresponn ak etap karyè yo a.
- Atis endepandan yo dwe kapab soumèt echantyon travay nan pwòp travay atistik yo. Atis yo ta dwe gen otorite pou pran desizyon sou travay atistik ki prezante nan echantyon travay yo.
- Gen yon adrès prensipal nan konte Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott, oswa Washington pou omwen 6 mwa anvan dat limit demann nan (jiyè 9, 2022 – Janvyè 9, 2023), epi kontinye abite nan rejyon sa a pandan tout peryòd pwojè a. (Tanpri sonje pwojè yo PA oblije fèt nan sèt konte ki nan zòn metropolitèn nan oswa nan Minnesota, men kandida yo DWE abite nan sèt konte ki nan zòn metropolitèn nan);
- Yo dwe gen omwen 18 an nan dat ki se dat limit sibvansyon an (Janvyè 9, 2023).

## Kandida ki pa Kalifye

Kandida ki vin annapre yo **pa** kalifye pou pwogram sibvansyon sa a:

- Òganizasyon/Gwoup, LLC oswa nenpòt lòt enstitisyon legal. Kandida yo dwe se moun. Yo p ap sibvansyone biznis yo.
- Moun ki poko gen 18 an nan dat limit sibvansyon an.
- Moun ki abite deyò konte Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott oswa Washington.
- Moun k ap chèche kòmanse yon karyè kòm yon atis, oswa k ap fè yon tranzisyon pwofesyonèl nan aktivite atistik yo.
- Moun dosye yo gen **sèlman** travay pou kliyan oswa travayè endepandan.
- Atis ki aktyèlman enskri nan yon pwogram diplòm oswa sètifikasyon ki nan fòm atistik ki koresponn ak yo a, sof si kandida yo kapab demontre yo kenbe yon karyè/pratik kòm yon atis pwofesyonèl andeyò pwogram fòmasyon yo.

- Atis ki pa kapab pwouve yon eksperyans anrapò ak travay atistik orijinal yo te reyalize.

## Kalifikasyon pou Pwojè

### Dwe Rive Sèlman apre Dat Kòmansman Pwopozisyon ki Kalifye a.

- Atis endepandan yo ka chèche sipò pou nenpòt nan sa ki annapre yo (oswa yon melanj nan sa ki annapre yo):
  - Sipò pou aprann nouvo konpetans ki adapte, ki transfòme oswa ki ogmante pwosesis kreyatif yo oswa pratik atistik yo. Pa egzanp, patisipasyon nan yon fòmasyon, yon kou sou metriz oswa yon atelye (enskripsyon pou yon diplòm oswa yon pwogram kolèj/inivèsite ki sètifye pa kalifye).
  - Sipò pou elimine yon baryè pou siksè, pwofesjonalize oswa ogmante pwodiksyon ak kalite atistik yo. Pa egzanp, achte ekipman pou ede yon atis ogmante kalite, varyete, oswa pou amelyore pakou oswa pwodwi atistik yo.
  - Rechèch, reyalizasyon oswa prezante nouvo travay kreyatif.
  - Sipò pou etabli yon plan biznis, pou kreye materyèl pou pwomosyon yo, ak/oswa prepare yon dokiman pou prezantasyon.

**Tout depans yo dwe fèt sèlman apre Dat Kòmansman Pwopozisyon ki Kalifye pou Finansman pou Pwochen Etap la.** Tankou depans ki fèt anvan dat sa a ka fè yo konsidere tout demann nan pa kalifye, oswa ka lakòz yo fè yon rediksyon nan montan demann sibvansyon an.

- **Depans ki fèt yo** se depans ki se dèt reyèl ak/oswa bonjan pwomès pou peye, kit lajan kach la te chanje men ou non. Frè pou pèfòmans atis yo, pa egzanp, ta dwe yon depans ki fèt nan moman yo t ap siyen yon kontra ak atis la, menm si yo vin peye l'annapre.
- **Dat Kòmansman Pwopozisyon** ou mete nan demann nan se dat kote ou pral kòmanse fè depans anrapò ak pwojè ou la. **Dat Kòmansman Pwopozisyon** kalifye ki pi pre a se 28 Jen, 2023.
- Yo pa prevwa **Dat pou Fini Pwopozisyon an**. Dat ou bay la pral pèmèt yo kalkile ki lè rapò final ou a dwe fèt. Rapò final yo dwe fèt de (2) mwa apre aktivite pwojè a fini. Pwojè ki gen delè pwolonje yo (sa vle di, plis pase yon ane apati dat sibvansyon an) ka oblije soumèt yon rapò pwovizwa.

### Pwojè ki pa Kalifye ak Depans ki pa Kalifye

Pwojè ak depans sa yo pa kalifye:

- **Depans ki fèt anvan Dat Kòmansman Pwopozisyon ki kalifye a.** Ou pa kapab itilize sibvansyon MRAC pou fè ranbousman. Tout depans anrapò ak pwopozisyon sibvansyon yo dwe fèt apre Dat Kòmansman Pwopozisyon ki kalifye a. Tankou depans ki fèt anvan dat sa a ka fè yo konsidere tout demann nan pa kalifye.
  - **Depans ki fèt yo** se depans ki se dèt reyèl ak/oswa bonjan pwomès pou peye, kit lajan kach la te chanje men ou non. Frè pou pèfòmans atis yo, pa egzanp, ta dwe yon depans ki fèt nan moman yo t ap siyen yon kontra ak atis la, menm si yo vin peye l'annapre. (Egzanp: tikè avyon, frè enskripsyon, elatriye)
  - **Dat Kòmansman Pwopozisyon** ou mete nan demann nan se dat kote ou pral kòmanse fè depans anrapò ak pwojè ou la. **Dat pou Kòmanse Pwopozisyon** ki kalifye a ki pi pre a se Jen 28, 2023.
- Pwojè kote kandida a ap aplike nan non 2 moun, yon gwoup, oswa òganizasyon. Pwogram sa a bay sipò pou devlopman pwofesyonèl ak atistik pou yon atis endepandan apati idantite òganizasyon li a. Pa egzanp, yon koregraf ka aplike pou yon etid endepandan, men se pa pou reyalize oswa mete sou sèn yon travay ki konsidere kòm yon pwodiksyon konpayi dans li a ap vann. MRAC gen lòt pwogram sibvansyon pou finanse pwojè atistik pou gwoup ak òganizasyon yo.
- Pwojè ak aktivite ki fèt pou ranmase lajan/jwenn sibvansyon/fè don nan non **yon lòt** moun, òganizasyon, oswa akoz. Yo pa ka bay yon lòt òganizasyon oswa yon lòt moun lajan MRAC yo.
- Aktivite ki nan pwojè k ap eseye enfliyanse nenpòt lwa eta a oswa federal la oswa finansman, pou sipòte sosyalizasyon relijye pou patisipan yo, oswa pou fè diskriminasyon kont moun oswa gwoup.
- Pwojè kote kominote a se prensipal benefisyè a. Pwojè ki gen rapò ak Finansman Pwochen Etap yo dwe konsantre sou bezwen ak devlopman atis endepandan an.
- Enskripsyon pou yon diplòm oswa yon pwogram kolèj/inivèsite ki sètifye pa kalifye).
- **Aktivite sou pwojèak depans ki fè pati yon lòt sibvansyon MRAC.** Sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap yo gen dwa pa ka aplike pou aktivite ak depans ki deja kouvri nan yon sibvansyon MRAC apwouve oswa ki annatant.

## Konbyen Sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap yo yon moun ka resevwa?

- Moun yo ka soumèt demann sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap yo nan yon ane fiskal MRAC (1e Jiyè jiska 30 Jen).
- Atis ki te resevwa sibvansyon sa a nan FY19, FY21, ak FY22 yo pa kalifye pou aplike nan ane fiskal sa a
- Moun ki resevwa sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap yo nan FY18 oswa anvan sa, yo kalifye pou aplike si pwojè yo te finanse pou yo anvan an fini epi yo te soumèt rapò final yo anvan dat limit la.

- Finalis Finansman pou Pwochen Etap yo nan FY20 yo kalifye pou aplike si yo pa t resevwa yon sibvansyon FY19, FY21, oswa FY22. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Jovan Rebollar nan [jovan@mrac.org](mailto:jovan@mrac.org).

## **Deja Genyen yon Lòt Sibvansyon MRAC? Oswa yo Soumèt/Pral Soumèt Yon Demann nan yon Lòt Pwogram?**

**Aktivite sou pwojè ak/oswa depans ki fè pati yon lòt sibvansyon MRAC, ki annatant oswa ki apwouve, toujou pa kalifye.** Enfòmasyon ki vin annapre yo se konsènan si ou kalifye pou soumèt yon demann.

Sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap yo gen dwa pa kapab konplete yon pwojè oswa yon pwogram ki gen yon sibvansyon MRAC ki apwouve oswa ki annatant.

### **Mwen te soumèt nan pwogram Avni Atis yo**

Si ou te aplike nan pwogram kòwòt Avni Atis yo, ou **kalifye** pou soumèt yon demann nan Finansman pou Pwochen Etap yo.

### **Mwen gen yon sibvansyon MRAC ki ouvè nan yon lòt pwogram**

Si ou gen yon sibvansyon ki ouvè nan yon lòt pwogram MRAC, oswa si ou afilye ak yon òganizasyon/gwoup ki gen yon sibvansyon ki ouvè nan yon lòt pwogram MRAC, ou **Kalifye** pou soumèt nan Finansman pou Pwochen Etap yo. Sonje, depans pwojè ki fè pati yon lòt sibvansyon MRAC pa kalifye, kidonk pwopozisyon ou nan dwe prezante aktivite ak depans pou yon pwojè ki diferan ak yon sibvansyon ki te deja fèt.

### **Mwen te soumèt yon demann sibvansyon oswa mwen pral soumèt yon demann sibvansyon nan yon lòt pwogram sibvansyon MRAC pou FY23**

Si ou gen yon demann sibvansyon ki annatant oswa si ou afilye ak yon òganizasyon/gwoup ki gen yon demann sibvansyon ki annatant nan yon lòt pwogram MRAC, ou **ka kalifye** pou soumèt nan Finansman pou Pwochen Etap yo. Sibvansyon Finansman pou Pwochen Etap yo gen dwa pa kapab konplete yon pwojè/pwogram ki gen yon sibvansyon MRAC ki apwouve oswa ki annatant. Sonje, depans pwojè ki fè pati yon lòt sibvansyon MRAC pa kalifye, kidonk pwopozisyon



ou nan dwe prezante aktivite ak depans pou yon pwojè ki diferan ak yon sibvansyon ki te deja fèt.

## Konsèy pou Demann Pwopozisyon yo

- Ou pral tape demann ou an nan kazyè tèks sou entènèt nan entèfas sibvansyon MRAC la.
- Kazyè tèks yo gen ladan kantite maksimòm karaktè ki gen ladan lèt, chif, espas, ak espas ki separe paragaf yo. Pa gen fòm (gra oswa italik).
- Ou ka wè ou pa bezwen tout karaktè yo ba ou yo.
- **Pa** mete lyen ipètèks nan kazyè tèks yo, (eksepte sa yo chwazi espesyalman pou echantiyon travay yo) paske egzamen komite a ap limite ak kontni demann ou a.
- Entèfas sibvansyon MRAC la pral anrejistre otomatikman travay ou chak kèk minit, epi tou gen yon bouton "anrejistre" nan pati anba a nan paj ekran an.
- Kèk kandida gen dwa ta renmen travay nan yon lòt dokiman epi kole repons yo depi yo fin ekri yo. Nou bay modèl sou sitwèb [Finansman pou Pwochen Etap la](https://mrac.org/grants/next-step-fund) (<https://mrac.org/grants/next-step-fund>) pou travay sou pwopozisyon ou nan anvan ou telechaje li nan fòm sou entènèt la.

## Tèks sou Pwopozisyon an

### Non Pwojè (100 karaktè maksimòm)

Nan kèk mo, ki non oswa ki tit pwojè ou la?

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a.

### Deskripsyon Pwojè (200 karaktè maksimòm)

Bay yon rezime ki vrèman kout (1-2 fraz) sou pwojè a, kòmanse ak fraz "Finansman pou..." oswa "Fon pou..."

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a. Yo pral itilize yo tou pou fè konnen sibvansyon an apwouve atravè kominike pou laprès ak sou sitwèb MRAC la si yo finanse pwopozisyon an. Anplwaye MRAC yo gen dwa fè modifikasyon pou konsistans.

## **Atis (4,000 karaktè maksimòm)**

Ou pral bay repons ou yo pou chak kesyon nan yon kazye tèks. Sèvi ak seksyon sa a pou dekri vizyon atistik ou, tout travay ou a ak objektif pwofesyonèl ou ki gen rapò ak pratik atistik ou. Seksyon sa a ka vrèman sanble ak yon deklarasyon pou yon atis, men li ta dwe mete aksan sou yon refleksyon pèsònèl ki gen rapò ak reyalizasyon atistik ak pwofesyonèl ou jiska kounye a, patikilyèman nan sa ki gen rapò ak yon chemen ki byen defini nan direksyon pou lavni. Asire w ou reponn toule twa (3) kesyon obligatwa ki nan lis anba a.

1. Dekri travay ou ak vizyon atistik ou. Dekri nenpòt reyalizasyon enpòtan ki demontre siksè ou fè nan domèn atistik.
2. Ki objektif atistik ou, ki gen rapò ak devlopman atistik ou oswa karyè ou kòm yon atis? Ki kote ou ye nan atenn objektif sa yo?
3. Ki jan sibvansyon sa a pral ede w atenn objektif ki dekri nan Kesyon 2 a?

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwopozisyon ki pi solid yo pral ede manm komite a konprann ki jan objektif ak/oswa pwogram atistik ou koresponn ak pwojè w la.

## **Pwojè (3,000 karaktè maksimòm)**

Ou pral bay repons ou yo pou chak kesyon nan yon kazye tèks. Seksyon sa a ta dwe konsantre sou pwojè w ap chèche finansman pou li a. Se pou ou plis presi posib, epi asire w ou etabli yon relasyon ki solid ant pwojè ki pwopoze a ak bezwen pèsònèl ou kòm yon atis. Asire w ou reponn tout kat (4) kesyon obligatwa ki nan lis anba a. (Se pa tout manm nan komite a ki pral abitye ak domèn ou an - asire w ou evite yon langaj teknik oswa pretann yo abitye ak pwojè ki nan kategori sa a.)

1. Dekri pwojè ou ap chèche finansman pou li a. Dekri pi gwo aktivite oswa travay ou gen pou w reyalize ant dat w ap kòmanse ak dat w ap fini pwojè a.
2. Ki objektif pwojè sa a?
3. Nan ki sans pwojè sa a koresponn ak objektif atistik ou, oubyen nan ki sans pwojè sa a ap ede ou pwogrese nan objektif sa yo, objektif ki gen rapò ak devlopman oswa ak karyè ou antanke yon atis?

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwojè ki pi solid yo se sa yo k ap soutni objektif ou ak vizyon ou prezante nan seksyon Atis la.

# Echantiyon Travay

Yo **pral** bay manm komite a echantiyon travay yo kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Echantiyon travay yo ta dwe koresponn ak detay ou te prezante nan seksyon Atis nan demann ou a. Yo pa pral note echantiyon travay yo poukont yo, okontrè, yo ta dwe bay manm komite a egzanp sou fason ou te rive reyalize yon travay ki eksprime vizyon atistik ou ak fason travay ou a reflekte kote ou ye nan pakou atistik ou.

## Echantiyon Travay Obligatwa

Materyèl echantiyon travay yo gen dwa pa depase limit ki dekri nan seksyon espesifik fòm ki anba yo.

Lis tit ak yon deskripsyon pou travay la obligatwa. Selon mwayen ou itilize a, yon deskripsyon ka gen ladan, dat pou fini oswa dat reyalizasyon, materyèl, dimansyon, elatriye oswa (limit 1000 karaktè ). Deskripsyon echantiyon travay yo ka pa gen ladan lòt tèks sou pwojè ou la.

## Fòm ki Otorize yo

- Odyo
- Videyo
- Imaj Nimerik
- PDF
- URL (dwe respekte règ fòmataj sou metòd ki anwo yo)
- Atis k ap travay nan disiplin ki baze sou tan yo dwe sèvi ak yon fòm odyo oswa videyo ki apwopriye pou soumèt.
- Atis k ap travay nan plizyè fòm – Materyèl yo soumèt yo pa dwe depase 5 minit, imaj, oswa plizyè paj ansanm. Egzanp 1 paj pdf tèks ki gen doub espas, 2 minit videyo, 1 imaj nimerik, 1 minit odyo akseptab.
- Fichye ki otorize pou telechaje yo se:  
doc,docx,pdf,jpg,png,tif,rtf,jpeg,wav,aiff,mp3,aac

## Odyo ak Videyo

Soumèt yon echantiyon travay ki gen jiska 5 minit longè, oswa jiska senk (5) echantiyon travay ki pa depase yon total 5 minit. Echantiyon travay yo dwe deja siyale nan pwen pou kòmanse a.

Dimansyon fichye y ap telechaje yo ka rive jiska 5 MiB.  
URL dwe nan yon fòm ki pa pwoteje oswa bay yon modpas.

(Pou odyo ak videyo, si w ap jwe ak lòt moun, dekri tèt ou pou ede komite a idantifye w. Pa egzanp, "Mwen jwe vyolon an" oswa "Mwen se patisipan ki gen kostim vèt la."

## **Imaj Nimerik**

Soumèt jiska senk (5) imaj nimerik.

Fòmate kòm yon fichye jpeg (.jpg).

Fòmate pou ouvri dirèkteman nan bon pozisyon pou gade a (vètikal oswa orizontal).

Fichye yo pa dwe depase 5MiB.

Pa mete imaj nan PowerPoint, MS Word, oswa Adobe.

Komite a p ap kapab egzamine imaj ki pa ka ouvri oswa ki mal fòmate.

## **PDF**

Dokiman ekri yo dwe soumèt kòm yon fichye pdf.

Maksimòm senk (5) paj tout longè.

Fòmataj, doub espas sou papye 8 1/2" x 11" ak yon maj minimòm yon pous sou chak kote.

Polis karaktè yo dwe 12 pt. oswa pi gwo.

Fichye yo pa dwe depase 5MiB.

## **URL**

Adrès URL la dwe soumèt sou fòm yon lyen valid entegre nan yon fichye pdf.

Lyen URL la dwe respekte règ fòmataj pou sipò echantiyon travay ki otorize (Odyo, Videyo, Imaj nimerik, PDF).

Manm komite yo pa pral pran plis pase 5 minit pou egzamine URL la.

Komite a p ap kapab egzamine URL ki pa ka ouvri oswa ki mal fòmate.

## **Konsève Echantiyon Travay yo**

Tout echantiyon travay rete pwopriyete atis la.

# **Bidjè Pwopozisyon yo**

## **Depans konsènan Bidjè Pwojè (1,000 karaktè maksimòm)**

Fè lis pi gwo depans lajan kach yo sou pwopozisyon ou nan ak montan dola ak deskripsyon ki kout. **Pa** gen ladan depans an espès oswa depans ki pa kalifye.

Tanpri byen egzamine seksyon [Pwojè ki Kalifye](#) ak [Pwojè ki pa Kalifye ak Depans ki pa Kalifye](#) ki anwo a pou w ka asire w yo pa konsidere demann ou a kòm demann ki pa kalifye.

Egzanp atik depans lajan kach ki kalifye (sa a se pa yon lis konplè; ou ka mande pou depans ki pa nan lis sa a):

- Alokasyon pou Atis
- Atis ki gen Kontra yo
- Frè pwofesyonèl/konsiltan
- Founiti
- Lwe espas ak/oswa lokasyon ekipman
- Depans ki gen rapò ak aksesibilite (se pou w presi)
- Achte Ekipman
- Taks endividyèl
- Gadri
- Depans pou vwayaj

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwopozisyon ki pi solid yo pral ede manm komite a konprann ki jan depans pou pwojè a koresponn ak objektif ak aktivite ki gen rapò ak pwojè a.

## Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a

Mete yon kantite.

- Mete Total Depans Lajan Kach pou Pwojè yo (awondi an dola ki pi pre a). Atik ki an espès yo pa dwe antre nan kalkil sa a.
- Depans Total Lajan Kach pou Pwojè yo mansyone la a dwe egal ak sòm tout atik ki nan lis chan Depans konsènan Bidjè Pwojè a ki anwo a. Anplwaye MRAC yo pral konpile tout atik yo, donk tanpri verifye de fwa kalkil ou yo nan toulede chan yo.
- Total Depans Lajan Kach pou Pwojè a dwe egal ak Revni Lajan Kach Total Pwojè a.
- **Nòt:** Ou pa ka mande MRAC plis finansman pase pri pwojè a, kidonk tout depans yo dwe totalize omwen oswa plis pase montan sibvansyon MRAC w ap mande a. Sepandan, pwojè ou la ka koute plis pase montan maksimòm sibvansyon MRAC la.

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

## Kantite Lajan yo Mande

Mete yon kantite. Ou ka mande jiska \$5,000.

Mande kantite lajan jiska kantite maksimòm demann nan, ou bezwen pou ou reyalize pwojè ou la. Pa gen okenn avantaj oswa dezavantaj pou mande yon montan ki pi piti oswa ki pi gwo.

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

## Echantiyon Bidjè

Tout pwopozisyon sibvansyon MRAC yo enskri nan youn nan kategori finansman sa yo:

- MRAC se *sèl* sous finansman pou pwojè/pwogram nan
- MRAC se youn nan *plizyè* sous finansman pou pwojè/pwogram nan

Yo bay echantiyon bidjè pou chak kategori pi ba a pou moun ki ranpli seksyon bidjè sou pwopozisyon yo, gen yon lis kontwòl ki vin annapre. Sa yo se echantiyon bidjè sèlman; ou ka mande depans pou diferan kalite pwojè oswa pou pwojè ki menm jan an ak depans ki diferan.

### Egzanp 1: Pwopozisyon, kote MRAC se *sèl* sous finansman pou pwojè a

Domèn pou Aplike	Mete Egzanp
Depans konsènan Bidjè Pwojè a	\$2,000 frè pou Atis \$1,500 Asistan \$500 Materyèl ak founiti \$500 Ekipman \$500 Taks endividyèl Total: \$5 000
Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a	\$5 000
Kantite Lajan yo Mande	\$5 000

### Lis kontwòl kote MRAC se *sèl* sous finansman pou pwojè a:

- ✓ **Depans konsènan Bidjè Pwojè a** se \$ 5,000 oswa mwens.
- ✓ **Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a** dwe egal ak total atik ki nan lis Depans konsènan Bidjè Pwojè a.
- ✓ **Kantite Lajan yo Mande a** dwe egal ak Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a.

## Egzanp 2: Pwopozisyon, kote MRAC se youn nan *plizyè* sous finansman pou pwojè a:

Domèn pou Aplike	Metè Egzanp
Depans konsènan Bidjè Pwojè a	\$5,000 frè pou Atis \$1,000 Asistan \$1,000 reyalizatè Grafik/Web \$1,000 Taks endividyèl \$2,000 Achte ekipman  Total: \$10 000
Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a	\$10 000
Kantite Lajan yo Mandè	\$5 000
Lòt Enfòmasyon	\$5,000 GoFundMe

## Lis kontwòl kote MRAC se youn nan *plizyè* sous finansman pou pwojè a:

- ✓ **Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a** dwe egal ak total atik ki nan lis **Depans konsènan Bidjè Pwojè a**.
- ✓ **Kantite Lajan yo Mandè a** dwe \$5,000 oswa mwens epi li ka pi piti pase **Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a**.

## Enfòmasyon sou Pwojè a

### Disiplin Pwojè a

Chwazi nan yon lis ki ka glise a:

**Kòd Disiplin** - Pwojè: Chwazi yon kategori ki pi byen reprezante pwojè ki dekri nan demann ou a.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

## **Delè Pwojè a: Dat pou Kòmanse Pwopozisyon an**

Ki dat ki pi pre kote ou pral fè depans lajan MRAC ap kouvri pou pwopozisyon sa a? Ou pa gendwa fè depans pou kouvri ak lajan MRAC anvan dat anons la, 28 jen 2023.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. MRAC ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon pwojè a.

## **Delè Pwojè a: Dat pou Fini Pwopozisyon an**

Dat kote tout fon sibvansyon yo te depanse epi tout aktivite pwojè yo fini.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

## **Enfòmasyon Endividyèl ak Done**

### **Idantite**

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Ou gen dwa chwazi pa pibliye enfòmasyon sa yo lè w fè chwa Pa Pibliye.

Y ap pataje enfòmasyon sa yo yon fason global (sa vle di, y ap mete tout nimewo kandida yo san yo pa mansyone idantite yo) ak Konsèy Administrasyon MRAC la pou kontwòle distribisyon lajan yo.

### **Idantite Ras/Etnik**

Ki jan w idantifye w nan kesyon ras/orijin etnik?  
Chwazi ras ou/orijin etnik ou nan lis ki anba a.

Azyatik / Ameriken Azyatik  
Afriken / Nwa / Afriken-Ameriken  
Ispanik / Latino / Latina / Latinx  
Mwayen Oryan / Nò Afriken  
Ras Melanje / Moun ki nan Plizyè Ras  
Ameriken natif natal / Ameriken Endyen / Natif natal Alaska  
Awayen / Abitan Zile Pasifik Natifnatal  
Blan



Okenn nan repons anvan yo  
Pa pibliye

## Idantite Miks

Ki jan w idantifye w nan kesyon idantite miks ki vin annapre yo?

- BIPOC (pa LGBTQIA2+, san andikap)
- BIPOC LGBTQIA2+\* (ak san andikap)
- BIPOC ki gen andikap\* (e pa LGBTQIA2+)
- BIPOC, LGBTQIA2+, ak andikap
- Blan (pa LGBTQIA2+, san andikap)
- Blan LGBTQIA2+ (ak san andikap)
- BIPOC ki gen andikap (e pa LGBTQIA2+)
- Blan, LGBTQIA2+, ak andikap
- Okenn nan repons anvan yo
- Pa pibliye

## Lòt Idantite

Si w idantifye w nan youn nan fason ki vin annapre yo, tanpri chwazi:

- Adilt ki gen plis pase 60 lane
- Veteran

## Non Atis la ak Foto Vizaj li

Tape non atis ou prefere a, si li diferan ak non legal ou epi telechaje yon foto vizaj ou oswa yon imaj ki reprezante travay atistik ou a.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Si gen sibvansyon, yo pral itilize yo sou sit entènèt nou an, nan anons ak pou rezon laprès.

## Pwonon yo

Tanpri endike pwonon sèks ou. Egzanp yo pa sèlman gen ladan, Li/li; Li/Li; Yo/yo; Li/Li/Yo/Yo; prefere pa reponn

Enfòmasyon sa yo **pral** pataje ak manm komite a ki pral itilize enfòmasyon sa yo lè y ap ekri kòmantè sou aplikasyon w nan.

## Konte kote w Abite a

Chwazi pati ki nan rejyon kote w ye a. Sèvi ak adrès prensipal moun nan pou fè chwa sa a. Ou dwe abite nan rejyon an pandan 6 mwa ki vin anvan dat limit demann nan, epi si ou te resevwa lajan, ou dwe kontinye viv nan rejyon an pandan tout peryòd pwojè a.

- Konte Anoka
- Konte Carver
- Konte Dakota
- Konte Hennepin
- Konte Scott
- Konte Ramsey
- Konte Washington

Y ap pataje enfòmasyon sa yo yon fason global (sa vle di, y ap mete tout nimewo kandida yo san yo pa mansyone idantite yo) ak Konsèy Administrasyon MRAC la pou kontwole distribisyon lajan yo.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon moun nan pou finansman sa yo.

## Enfòmasyon Anplis sou Moun nan

Chwazi nan yon lis ki ka glise a:

- **Kòd Disiplin - Moun:** Chwazi disiplin ki pi byen dekri domèn enterè prensipal ou nan aktivite atistik yo.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap pataje enfòmasyon sa yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

## Lòt enfòmasyon

### Èd pou Demann MRAC

Tanpri chwazi kalite sipò ou te itilize pou ede w prepare demann sa a, epi si w se yon kandida ki aplike pou premye fwa.

Chwa (lis kontwòl)

- Patisipe an dirèk nan yon atelye sou entènèt
- Gade atelye ki anrejistre sou Youtube
- Reyinyon pwolonje nan videyo oswa nan telefòn ak yon manm nan pèsònèl MRAC la
- Sipò nan imèl yon manm nan pèsònèl MRAC yo bay
- Lòt kalite èd
- Mwen pa t janm aplike pou yon sibvansyon MRAC anvan

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. MRAC sèvi ak enfòmasyon yo pou konprann avantaj ak sipò sèvis yo.

## Sètifikasyon

Sa a se dènye kesyon nan demann nan!

Lè w klike sou "Mwen Dakò", ou sètifye deklarasyon sa a: "Mwen sètifye tout enfòmasyon mwen bay nan demann sa a se verite epi yo egzat selon tout sa mwen konnen. Mete sou sa, mwen deside reyalize aktivite yo ak/oswa pwogram/pwojè yo jan sa dekri nan demann ki soumèt la si MRAC apwouve finansman an."

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

## Egzamen ak Pwosesis Desizyon an

1. Anplwaye MRAC yo egzamine tout demann yo konsènan kalifikasyon yo. Demann ki pa konplè yo (pa egzant, repons ki manke nan kesyon ki obligatwa yo, ak/oswa echantiyon travay ki manke yo) ka konsidere kòm pa kalifye.
2. Yon komite pou egzamen ap evalye aplikasyon yo ki baze sou kritè sibvansyon yo. Manm komite yo pral evalye chak demann sou yon echèl 1 jiska 5 (5 se pi wo a). Nòt yo disponib pou kandida yo sou demann; kòmantè ak lòt reyaksyon manm komite yo ochwa, epi si yo disponib yo pral pataje yo ak kandida yo.
3. Anplwaye MRAC yo soumèt nòt komite a bay Konsèy Administrasyon MRAC la k ap pran desizyon final la konsènan finansman.
4. Apèl yo ta dwe fèt alekri nan 30 jou apre notifikasyon desizyon konsèy la. Kontakte MRAC pou yon kopi nan pwosesis apèl la. Demann yon komite te deja egzamine epi Konsèy Administrasyon ki nan Konsèy Rejyonal Metwopolitèn pou Aktivite Atistik yo te refize finanse I, yo ka fè apèl ki baze sou yon swadizan erè pwosedi nan tretman an.